



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FAZ 2 METWO SECOND AVENUE AN AP AVANSE AVÈK PRIM KONTRA TINÈL LA

Pwochen faz pwojè a pral pwolonje tinèl ki deja egziste a rive nan 125 St

Nouvo apwòch pou Faz 2 a lakoz ekonomi 1.3 milya dola; li sou bon wout pou l vin 10 pousan pi bon mache pase Faz 1 an

Pwojè Faz 2 Metwo Second Avenue an pral pote Ekite Transpò nan East Harlem

[Gade enstriksyon MTA a isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Konsèy Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an apwouve kontra pou fouye tinèl pou Faz 2 Metwo Second Avenue an, pwojè a ki pwolonje tren Q a soti nan 96th Street rive nan 125th Street ki pral bay nouvo aksè ak transpò piblik bay rezidan East Harlem yo. Nouvo tinèl sa a pral pwolonje soti nan 116th Street rive nan 125th Street. Ekip ki anba kontra sa a pral fouye espas tou pou Estasyon 125 Street la alavni, epi nan yon mezi pou kontwòle depans ki ekonomize MTA a 500 milyon dola, yo pral ekipe tinèl la sou wout ki te konstwi nan ane 1970 yo pou akomode Estasyon 116 Street la alavni.

Travay pou fouye nouvo tinèl la, ant 10.6 mètr a 36.5 mètr (35 ak 120 pye) anba Second Avenue, yo prevwa pou fèt avèk machin 750 tòn ki ekipe ak tèt foraj an dyaman ki mezire 6.7 mètr (22 pye). Premye travay yo ap kòmanse pita nan ane sa a, gwo konstriksyon sivil yo ap kòmanse nan kòmansman 2026 epi foraj tinèl la li menm prevwa kòmanse an 2027.

"Sa fè yon syèk depi yo te pwomèt pèp East Harlem lan nouvo metro yo merite a — epi finalman nou rive fè l", **Gouvènè Hochul te deklare.** "East Harlem se youn nan katye ki pi depann sou transpò piblik nan Nouyòk, men chak jou, plizyè dizèn milye moun ki vwayaje al travay pa gen aksè ak metro. Metro Second Avenue an pral chanje tout bagay; li pral diminye distans travay pou plis pase 100,000 pasaje chak jou epi fè East Harlem pi vivan pase tout tan. Akòde kontra sa a vle di tan pou pwomès bay kominote sa a fini e lè pou konstwi rive — pwochen arè a se 125 Street!"

Y ap akòde kontra a, ki vo 1.972 milya dola, bay Connect Plus Partners, yon antrepriz kojwen ant Halmar International ak FCC Construction. Se dezyèm nan kat kontra konstriksyon pou ekstansyon tren Q la. Malgre gwo depans konstriksyon nan Vil Nouyòk, rapò pri-benefis Faz 2 Metwo Second Avenue an enpòtan e yo prevwa li pral gen pi ba pri pou chak pasaje pami tout pwojè tren lou aktif nan peyi a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Sa a se yon gwo pa annavan non sèlman pou pwojè a men pou tout moun nan East Harlem ak Central Harlem. Moun nan lokalite a te tann prèske 100 ane pou ekstansyon metwo a yo te pwomèt la. Gras a envestisman Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Washington, jodi a nouvo MTA a ap avanse ak pi gwo kontra tinèl nan listwa ajans lan, men – sa ki pi enpòtan – ak yon pwojè ki reyalize nan pi ba pri pou chak pasaje pase nenpòt lòt pwojè tren lou nan Etazini."

Prezidan Konstriksyon ak Devlopman MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Aprè plizyè jenerasyon pwomès, nouvo MTA a ap kenbe pwomès li yo. Kontra yo te akòde jodi a pèmèt nou avanse pi pre sèvis transpò piblik nan nivo mondyal nan East Harlem. Apati lesou nou te aprann nan Faz 1 an, nou kontan kontinye ak momantòm nou an epi fini kontra sa a pi byen, pi vit, epi mwens chè pase avan."

Yo te akòde premye kontra konstriksyon liy lan an janvye 2024 pou travay relokasyon sèvis piblik yo. Ekip k ap travay nan kad kontra a pral deplase sèvis piblik anba tè yo soti nan 105 Street pou rive nan 110 Street nan Second Avenue an nan sit fiti Estasyon 106 Street la, yon fason pou fasilite konstriksyon ilteryè estasyon an.

Ekip k ap travay anba twazyèm kontra a pral konstwi espas anba tè pou estasyon an nan 106th Street ak Second Avenue. Kontra sa a an pwosesis akizisyon kounye a. Katriyèm e dènye kontra a pral kouvri ekipman twa estasyon yo, nan 106, 116 ak 125 Streets, ansanm ak sistèm ki nesèsè pou fè sèvis tren an fonksyone, tankou ray tren, siyalizasyon, elektrisite ak kominikasyon. Kontra sa a an preparasyon kounye a.

Faz 2 Metro Second Avenue an ap fèt dapre orè a, ak yon dat sèvis revni pou septanm 2032, epi li nan bidjè a. Bidjè pwojè a se 6.99 milya dola epi li finanse an pati pa revni ki soti nan pwogram peyaj Zòn Soulajman Anbouteyaj la.

An 2023, [MTA te divilge tou nouvo reprezantasyon konseptyèl](#) estasyon yo pwopozè pou ekstansyon an, pou bay pwochen pasaje yo yon premye apèsi sou potansyèl konsepsyon alanteryè ak aleksteryè estasyon yo.

Pratik amelyore ak plis pase 1 milya dola ekonomi

Kòm yon pati nan angajman MTA a pou l reyalize pwojè enfrastrikti enpòtan yo pi byen, pi vit ak pi bon mache, kontra pou Faz 2 a enkòpore lesou yo aprann nan Faz 1 Metwo Second Avenue an.

Lè nou pran an konsiderasyon egzijans pou relokasyon sèvis piblik yo davans, sa diminye risk pou gen depans oswa reta inatandi pita pandan konstriksyon an ap

pwogrese — sitou nan vil Nouyòk ki gen youn nan rezo sèvis piblik anba tè ki pi konplèks nan mond lan, e pifò ladan yo pa gen kat jeyografik.

Inisyativ adisyonèl pou kontwole depans nan Faz 2 gen ladan reutilizasyon yon segman tinèl ki te konstwi nan ane 1970 yo soti nan 110 Street rive nan 120 Street sou Second Avenue, akizisyon byen bonè byen imobilye, adopsyon estrikti kontra ki gen pi bon valè tankou kontra A+B (konsepsyon-konstriksyon), ak kowòdinasyon deprè nan kontra yo ak rediksyon nan espas administratif la, espas oksilyè ak gwosè estasyon an.

Antou, inisyativ sa yo ekonomize plis pase 1.3 milya dola.

Ekite Transpò pou East Harlem

East Harlem se yon katye ki istorikman pa gen ase sèvis, ki gen youn nan pi gwo konsantrasyon lojman abòdab nan Etazini e kote 70 pousan rezidan yo depann sou transpò piblik. Faz 2 a pral kreye twa nouvo estasyon aksesib nan kè kominote a nan 106 Street, 116 Street, ak 125 Street, epi li pral ofri vwayaj yon sèl plas soti East Harlem pou rive Upper East Side, West Midtown ak Coney Island, sa ki pral diminye tan vwayaj yo jiska 20 minit.

Plis pase 70,000 djòb, ki gen ladan djòb nan konstriksyon ki touche pa sendika, pral soti nan pwojè Faz 2 Metro Second Ave an. Yon objektif anbochaj lokal 20 pousan pou pwojè a pral jenere opòtinite travay ki byen peye pou plizyè santèn rezidan East Harlem.

Yo te pwomèt East Harlem yon nouvo koneksyon metwo nan Second Avenue an depi lontan. Nan ane 1920 yo, pwopozisyon Dezyèm Sistèm nan, ki finalman te vin tounen sistèm metwo IND a, te gen ladan sèvis nan Second Avenue an. An 1948, votè nan Vil Nouyòk yo te apwouve yon prè obligasyon pou konstwi metwo dezyèm avni an, ki te finalman rete san konstwi apre kòmansman Lagè Koreyen an. An 1927, konstriksyon liy lan te finalman kòmanse nan East Harlem, men yo te abandone l pita an 1975 pandan kriz fiskal vil la. Seksyon tinèl yo te konstwi nan ane 1970 yo pral itilize nan Faz 2 a.

Konsènan Faz 2

Dezyèm faz pwojè a pral pwolonje sèvis tren **Q** soti nan 96 Street nan nò rive nan 125 Street epi apresa lwès nan 125 Street rive nan Park Avenue, apeprè 2.40 km an total. Pral gen yon koneksyon dirèk pou pasaje yo ak estasyon metwo 125 St ki deja egziste a sou liy metwo Lexington Avenue an. Faz 2 a pral gen ladan tou yon antre nan Park Avenue pou pèmèt transfè pratik nan estasyon Metro-North Railroad 125 Street la.

Chak estasyon pral gen batiman oksilyè an sifas tèren ki ebèje ekipman vantilasyon mekanik ak elektrik, ansanm ak espas pou evantyèl komès an detay nan sousòl la ak pou itilizasyon kominiotè. Ekspansyon an pral sèvi 110,000 pasaje anplis chak jou epi bay twa nouvo estasyon ki aksesib pou ADA -- ogmante ba pou konfò ak komodite kliyan an. Ogmantasyon koneksyon transpò piblik miltimodal nan estasyon 125th St nan Park Avenue avèk koneksyon ak tren **4 5 6**, Metro-North ak Sèvis Otobis M60 Select

nan Ayewopò LaGuardia pral pèmèt transfè pratik nan direksyon lòt liy ray ak metwo, sa ki fasilite transpò ki pi fluid, pi rapid atravè vil la ak rejyon metwopoliten an.

Konsènan Faz 1

Faz 1 pwojè a pwolonje liy Q a soti nan 63 Street rive nan 96 Street epi se te pi gwo ekspansyon sistèm metwo Vil Nouyòk la nan 50 ane. Sèvis la te ouvri nan dat 1 janvye 2017, avèk estasyon adisyonèl nan 72 Street ak 86 Street. Depi li te fini, Metwo Second Avenue an te pote plis pase 130 milyon pasaje an total, ki gen ladan plis pase 200,000 pasaje nan yon jou nòmal anvan pandemi an.

Senatè Charles Schumer te deklare, "Kontra konstriksyon sa a pou Faz II nan Metro Second Avenue an pral fè nou franchi yon lòt gwo pa pi pre pou nou rive nan egalite nan transpò nan Nouyòk; asire ke East Harlem gen pi bon aksè ak travay, swen sante ak lòt sèvis esansyèl, tout pandan l ap diminye konjesyon epi amelyore kalite lè a. 100,000 nouvo pasaje pral benefisye prèske 2 mil nouvo pist la, 6 nouvo estasyon, ak yon estasyon ki konplètman renove. Mwen te jwenn 3.4 milya dola nan finansman federal—ki te pi gwo sibvansyon pou investisman kapital nan listwa lè sa a—pou avanse pwojè sa a epi lè travay la fini, plis pase 300,000 pasaje pral benefisye Metwo Second Avenue an chak jou."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Rezidan ak moun k ap vwayaje nan East ak Central Harlem yo te tann ase lontan pou ekstansyon Metwo Second Avenue an, ki pral diminye tan vwayaj, kreye nouvo opòtinite, epi bay pi bon koneksyon pou kominote a. Anons jodi a se yon etap enpòtan nan bay sistèm transpò modèn ak aksesib ke East Side la merite a. Mwen fyè dèske mwen te ede jwenn lajan federal ki rann ekspansyon sa a posib, epi m ap kontinye goumen pou m pote plis resous lakay pou amelyore transpò piblik pou tout Nouyòkè yo."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Antanke manm pi ansyen Komite Transpò ak Enfrastrikti nan nòdès la, mwen gen lontan depi m ap goumen pou finansman pou Metwo Second Avenue an. Atribisyon kontra konstriksyon an se yon gwo etap enpòtan nan pwochen faz pou pwolonje liy metwo a nan direksyon nò rive Harlem ki pral kreye koneksyon transpò piblik epi amelyore tan transpò pou elektè k ap viv nan bò lès mwen yo ak tout Nouyòkè yo."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Avansman pwojè Metwo Second Avenue sa a pral pote bon travay ki peye nan kominote Harlem ak East Harlem yo, mwen fyè dèske mwen te goumen pou yo, epi li asire ke pwojè enpòtan sa a rete sou yon bon chemen pou l fini. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Prezidan MTA a Lieber, Mesye Torres-Springer, ak ekip yo pou efò kontinyèl yo pou bay sèvis metwo a nan East Harlem."

Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare, "Pwojè Metwo Second Avenue an pral ede pote opsyon transpò, travay ak aksè ki nesèsè anpil nan East Harlem ak odela. Faz 2 nan pwojè sa a enpòtan anpil, epi li pral pwolonje sèvis yo, kreye nouvo estasyon, epi ede diminye tan vwayaj pou tout moun. Antanke Senatè pou 29è distri Sena a, ki

reprézante Sid Bronx ak Lès Harlem, mwen kwè fèmman Pwojè Metwo Second Avenue an pral amelyore eksperyans pasajè yo epi ogmante fyabilite. Anpil mèsè ak MTA a, Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an pou angajman yo nan pwojè enpòtan sa a."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Chak etap ki pwoche nou pou fini dezyèm avni metwo a pwoche kominote nan East Harlem yo de yon opsyon transpò piblik yo te pwomèt yo depi lontan. Sa a se yon etap ki merite selebrasyon, epi mwen anvi kontinye travay ansanm ak moun ki gen enterè lokal yo ak MTA a pou asire Faz 2 a fini byen vit epi avèk siksè."

Lisa Daglian, Direktè Egzekitif, Komite Konsiltatif Sitwayen Pèmanan (Permanent Citizens Advisory Committee, PCAC) pou MTA, te deklare, "Jodi a make yon jou istorik pou yon pwojè ki gen yon syèk nan konsepsyon ki non sèlman pral fè listwa li menm, men tou ki pral amelyore kalite lavi pou plizyè santèn milye Nouyòkè. Metro Second Avenue an te yon pwomès ki pa t kenbe pandan twò lontan, sitou pou rezidan East Harlem yo. Gras a pèseverans ak investisman Gouvènè Hochul, defans san pran souf defansè nou yo nan Washington, ak lidèchip nan MTA a k ap travay pou reyalize yon pi bon pwojè, kontra sa a pral ede pwolonje liy lan rive nan 125th Street, pou ranpli twou ki te rete lè yo te demoli Second Avenue El la. Li enteresan pou wè pwochen faz sa a vin gen lavi. Mwen pa ka tann pou m monte abò!"

Direktè Politik ak Kominikasyon Riders Alliance, Danny Pearlstein, te deklare, "Anba Second Avenue an ak atravè vil la, Gouvènè Hochul, lidè MTA yo ak travayè transpò yo ap vanse ak tout fòs yo. Nouvo tinèl, siyal ak asansè pral ede plizyè milyon Nouyòkè deplase san danje epi a yonfason abòdab chak jou. Yo te pwomèt pasajè yo Metwo Second Avenue an prèske yon syèk de sa. Sa gen yon deseni, twa estasyon te ouvri nan Upper East Side la. Pwochen faz la pral desèvi East Harlem ak Lexington Avenue, entegre nouvo liy metwo a nan yon sistèm ki te konstwi sitou anvan Dezyèm Gè Mondyal la."

Prezidan Konsèy Kominotè Manhattan 11, Xavier A. Santiago, te deklare, "Pandan plizyè jenerasyon, Manhattan Community Board 11 te defann ekspansyon Metwo Second Avenue an. Depi lè grann mwen te temwen dènye demantèlman liy Elve Third Avenue an, East Harlem te viv nan yon dezè transpò. Pandan kontra Faz De sa a akòde, nou pa ka tann MTA a kenbe angajman li anvè pozisyon Konsèy Kominotè 11 la konsènan anbochaj lokal ak lòt benefis kominotè ki pral amelyore jenerasyon k ap vini yo nan East Harlem ak nan gran vil nou an. Avèk moman sa a, nou fè yon pa anplis pou nou rive fè rèv senk jenerasyon sa a pou jwenn aksè ekitab ak transpò vin yon reyalite; yon reyalite ke non sèlman pitit mwen yo pral fè eksperyans ak li, men tou reyalite granparan nou yo te imajine a."

Renaë Reynolds, Direktè Egzekitif Tri-State Transportation Campaign (Kanpay Transpò ant Twa Eta) a, te deklare, "Pandan n ap kontinye avanse ak avansman kontra tinèl Faz 2 Metwo Second Avenue an gras ak inovasyon, nou kontan anpil pou

tout benefis kominotè East Harlem yo ap pote lè nou pote plis opsyon transpò nan kominote a, diminye tan transpò yo, epi kreye djòb lokal pandan tout pwosesis la."

Prezidan Konsèy Administrasyon Uptown Grand Central la, Diane Collier, te deklare, "Uptown Grand Central kontan tandè ke avèk anons sa a MTA a ap fè Faz De Metwo Second Avenue an tounen yon reyalite pwogresivman. Nou konprann sa a se yon gwo pa annavan e nou vrèman ankouraje pa pwogrè k ap fèt la. Nou prevwa pwojè sa a pral kreye opòtinite enpòtan pou anbochaj lokal ak ti biznis nan kominote a, sa ap bay ekonomi lokal nou an yon bourad ki nesèsè anpil."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)